

Non Pasyan \_\_\_\_\_

MR# \_\_\_\_\_

## Déklarasyon Dwa ak Réponsablité yon Pasyan

### Yon pasyan gén dwa pou :

- Yo trété li ak koutwazi é respè, ak aprésyasyon pou dignitél, é pwotéksyon de tout bagay prive li yo.
- Yo dwé'l yon répons rézonab é rapid lè li posé yon késyon ak lè li mandé yon sèvis.
- Li konnen ki moun kap trété li ak ki moun ki réponsab pou swen santé li, ni chanje doktè sil vle.
- Li konnen ki sèvis ki genyen pou édé yon pasyan, san pa bliyé ke yo ta dwe gen yon entèprèt pou si pasyan an pa palé anglé.
- Li konnen ki règléman ak kondisyon ki la pou kontrolé konduit li.
- Dòktè santé yo bâ li tout enfòmasyon tankou diagnostik, ki kalité trèman yo desidé bâ li, lòt chwa ki genyen, ki risk ki genyen, ki chans gérizon lap genyen, epi patisipe nan desizyon kap fèt de sante li
- Pou li réfizé nenpòt ki trètman, éksépté si lalwa pa pèmèt sa.
- Pou li résévwa tout enfòmasyon ak konsèy osijè dé èd finansyé ki égzisté pou swen.
- Li konnen si, swa dòktè santé a oswa klinik la aksépté pousantaj Médikè péyé a, si pasyan an gen Médikè.
- Li résévwa yon éstimasyon rézonab pri swen médikal yo, ànvan ké yo kòmansé trètman.
- Li résévwa kopi yon bòdwo détayé ké li kapab konprann, é, si'l mandé, pou yo ékspliké pri yo.
- Li résévwa, swen médikal oswa aranjman, kèlkéswa ras li, koté li sòti, rélijyon li, andikap li, oswa ki jan l'ap péyé.
- Li résévwa trètman pou nenpòt kondisyon médikal ijans ki ka détéryoré si yo pa trété li.
- Li konnen si trètman médikal la sé pati yon rechèch ékspérimantal, épi pou li swa aksépté ou réfizé patisipé nan réchèch sa a.
- Li ka poté plent nenpòt ki lè yo vyolé dwa li.

### Yon pasyan responsab pou:

- Li bay dòktè li tout enfòmasyon kòrèk osijè pwoblèm li genyen kounyéa, maladi li té genyen anvan, konbyen fwa li té enténé lopital, médikaman, ak tout lòt enfòmasyon sou santé li.
- Li rapòté chanjman enprévi nan kondisyon li, bay dòktè kap swen li a.
- Li rapòté bay dòktè li si li konprann plan trètman yo decide pou li a, épi kisa yo ta vlé pou li fè li menm.
- Li suiv plan trètman dòkté a rékòmandé pou li.
- Kenbé randévous yo é, lè li pa kapab, pou li fè, swa dòktè, oswa klinik la, konnen.
- Si li réfizé trètman oswa si pasyan an pa suiv lòd doktè swen santé a ba'li.
- Li rassuré ke lap péyé dèt yo, sa vle di ni chaj ke asirans la pa kouvri ou bien pa peye.
- Li suiv règleman ak règ konduit klinik la an plis respekte lòt moun chak fwa li vinn nan klinik la.
- Swiv et obeyi tout pwosedi ak règ nou genyen nan klinik la konsènan Corona/Covid-19

Inisyal Pasyan: \_\_\_\_\_

Dat: \_\_\_\_\_